

MACI

Massachusetts Access to Counsel Initiative



Massachusetts Access to Counsel Initiative se yon kolaborasyon ant Koalisyon MIRA, CPCS, ak plizyè lòt òganizasyon legal nan eta a.

Ansanm, n ap konstwi yon sistèm santral pou resevwa demann individyèl ak moun ki jwen referans nan Massachusetts ki gen ka devan Tribinal Imigrasyon. Atravè yon sèl liy lan nou resevwa demann, moun ki nan detansyon ak moun ki pa nan detansyon ki soti nan Massachusetts. Y ap ka mande èd epi nou ap konekte yo ak yon founisè sèvis legal ki disponib pou reprezante yo si sa posib.

Kòman li fonksyone?



Moun yo ka rele liy demann nan epi ranpli yon demann. Sa ap pran anviwon 15 a 30 minit selon sitiyasyon an. Apre sa, moun ki elijib yo n ap refere yo bay yon patnè legal ki gen kontra pou yon konsiltasyon (selon kapasite).



Moun ki rele yo dwe kite non yo ak nimewo yo nan yon mesaj vokèl si liy lan okipe. Yo ap resevwa yon rapèl nan yon jou travay. Moun ki nan detansyon yo dwe kite non ak nimewo telefòn yon manm fanmi yo fè konfyans.

Kimoun ki elijib?

Moun ki nan detansyon ak moun ki pa nan detansyon ki soti Massachusetts ki nan pwosedi depòtasyon epi ki satisfè kondisyon revni ak lòt kondisyon pou elijibilite.

Èske gen entèpretasyon disponib?

Wi. Manadjè pou resevwa demann yo pale panyòl, epi lòt lang yo ap konekte atravè yon entèprèt.



Liy pou Resevwa Demann MACI a Ouvè Kounye a: (508) 505-4588